

BILTEN ESPESYAL MWA JIYÈ, OUT AK SEPTANM 2004

DENEYE NIMEWHO
POTEKOLE !

Avez pwogram Fowòm Sivik NDI-HAITI a ki rive nan bout li, nimewo bilten sa a se dènye nimewo POTEKOLE. Sa pa vle di NDI ap sispann aktivite li an Ayiti. Okontré, NDI ap kontinye kenbe men ak pèp ayisyen nan divès lòt domèn ki gen arevwa ak ranfòsman pati politik yo ak reyalizasyon elekson lib e libè dekwa pou Ayiti ka kontinye vanse nan chemen demokrasi.

SA KI NAN BILTEN SA A

KOUVÉTI..... 1

MILÔ, YON DIAMAN POU NOU POLI..... 2

Pwogram "Demokrasi pou tout moun"
YON ESÈ KI BYEN PASE NAN ZÒN NÒ A 3

Pwogram "Demokrasi pou tout moun"
SEREMONI FÈMTI NAN
KWADÈBOUKÈ..... 4

Pwogram "Demokrasi pou tout moun"
LIS LOREA YO 5

Yon rezulta pwogram
"Demokrasi pou tout moun" nan
TELE TEYAT POU DEMOKRASI..... 6

LIS TWOUPE TEYAT YO..... 7

Komite Inisyatyiv yo ap mete men alapat
FOWOM KOMINAL NAN KWADÈBOUKÈ..... 8

Le programme Forum Civique touche à sa fin
ACQUIS ET PERSPECTIVES..... 9

CHITA PALE ANT PATI POLITIK AYISYEN
AK OGANISASYON POLITIK ENTÈNASYONAL... 10

NDI nan mitan konvensyon Pati Demokrat la
FOWUM ENTÈNASYONAL LI DÈ..... 11

MISYON ELEKTORAL NDI NAN PALESTIN..... 12



POU BAY DEMOKRASI JARÈT...NDI-AYITI fèk pibliye de (2) afich pou li distribye gratis ti cheri bay pati politik ak organizasyon nan peyi a ki entere se fè popilasyon an konpran prensip de baz demokrasi yo pi byen.

DECLARATION UNIVERSELLE DES DROITS DE L'HOMME 10 Decembre 1789

ARTICLE 21:

- 1-Toute personne a le droit de prendre part à la direction des affaires publiques de son pays, soit directement, soit par l'intermédiaire de représentants librement choisis.
- 2-Toute personne a droit d'accéder, dans des conditions d'égalité, aux fonctions publiques de son pays.
- 3-La volonté du peuple est le fondement de l'autorité des pouvoirs publics; cette volonté doit s'exprimer par des élections honnêtes qui doivent avoir lieu périodiquement, au suffrage universel égal et au vote secret ou suivant une procédure équivalente assurant la liberté du vote..."

L'une des règles essentielles de la **DEMOCRATIE** est le respect de la volonté de la MAJORITE et des droits de la MINORITE

En plus, la MINORITE d'aujourd'hui peut être la MAJORITE de demain...

NON RED AK TOUT POU NOU FA LIADAN L'

WIT HOU DONT SIR KIT MOU FEU DWA NOU LA TENETAS!

DEMOKRASI = EDIKASYON + OGANISASYON + REYALIZASYON

NDI:

COMPLEXE LAFAYETTE,

(2ème étage)

ANGLE DELMAS

ET DELMAS 71

RUE SERIN NO. 1

DELMAS, HAITI

TEL: 249-8626/27/28 510-9977

FAX: 249-8632

INTERNET: WWW.NDI.ORG

Sa pran 30 minit pou w sòti Okap, dezyèm vil peyi a, ou pran direksyon sidès epitou ou rive nan komin Milot kote wa p jwenn plispase 30 mil abitan kap viv sou a peprè 76 kilomèt. Menm si komin sila a fè defisi n an za fè enfrastrikti, se yon zòn ki pwomèt an pil.

Se nan Milo wap jwenn sitadèl Laferyè, yon moniman UNESCO klase nan kategory patrimwa n mondyal, ansanm ak palè Sansousi ki te jwayo royòm Wa Anri Kristòf. Tourist ayisyen toukòm touris etranje soti byen lwen pou yo vin admire 2 bél moniman sa yo, menm si moniman sayo ta mande an pil an pil reparasyon. Moun sa yo ki vin vizite komin nan pou yo ka admire zèv potomitan gason ki te rele rele Kristòf la ansanm ak achitèk aktout lòt kolaboratè li yo, moun sa yo toujou kontan ni ak klima zòn nan ni ak fason abitan Milo bay moun bonakèy.

bon jan

Milo seyon bél peyi ki viwonnen ak yon seri kokenn chenn mòn, tankou mòn Bonèalevèk. Se pa sitadèl Laferyè ak palè Milo sèlman ki genyen, gen Katedral Milo akise yon mèvey achitekti. Lè w nan katedral sa a, kèlkeswa kote ou chita, wa p tandem lamès la menm jan, ak menm klate ke tout moun nan legliz la, kèlkeswa kote moun nan chita e pou sa te rive fèt sa te mande an pil kalkil. Touris ak agrikilti se 2 sektè ki gen aktivite nan komin la.

Akitivite touris pèmèt devlopman yon pwodiksyon atistik nan komin nan, espesyalman nan mitan lavil Milo. Li kreye yon seri djòb pou jèn gason nan komin nan ki deklare tèt yo gid touris e ki akonpaye ayisyen kou etranje kap vizitè sitadèl la osin on palè Sansousila. Menm si gid sila yo pat al aprann metye a nan lekòl spesialize, yo rive degaje yo ase

byen nan pale divèslang, soti nan angle rive nan alman.

Nan zafrè lajan ak sèvis finans, gen 2 kès popilè ak yon koperativ komès kap sèvi popilasyon an. Ak yon salteyat epitou 10 gagè, jenès Milo a pa nan chita grata. Lopital komin Milo a gen 7 medsen, apa pèsonèl la, e li ka pran 60 malad. Kominikasyon pa telefòn posib gras ayon santral teleco ak plizyè sant dapèl.

nan komin nan. E anplis, gen 2 enstitusyon kap fòme jèn yo lè yo fini ak lekòl : yon se yon yon lekòl nòmal ki fòme pwofesè lekòl e lòt la se yon lekòl teknik ki prepare elektrisyen, teknisyen agrikòl, ebenis elatreye.

Lè w kalkile sa zòn nan ka bay nan zafè touris ak nan domèn atistik, ou tou wè komin Milo a pwomèt an pil. Se toupatou an Ayiti kòm na lemond vizitè ap vin admire 2



Edikasyon jenès Milo a nan men 10 lekòl segondè, yon ladan yo se yon lise publik. Apadesa gen yon ventèn lekòl primè

mèvèy sa yo ke yo rele sitadèl Laferyè ak palè Sansousi. Eske ou janm gen plezi saa ?

"DEMOKRASI POU TOUT MOUN

YON ESÈ KI BYEN PASE NAN ZÒN NÒ A

Nan jounen vandredi 2 jiyè ki pase a plis pase 400 elèv ki te sòti nan wanament, Fò Libète, Twoudinò, Milo, Lenbe, ak Kapayisyen te bay randevou nan sal espektak Klib Versailles nan lokazyon fèmti pwogram "Demokrasi pou tout moun"nan lokazyon fèmti pwogram "Demokrasi pou tout moun" NDI la pou lane lekòl 2003-2004 la. Tout ekip NDI nan zòn nò a, pwofesè ki te ekzekite pwogram nan, direktye NDI-Ayiti a, responsab pwogram la nan depatman Iwès la, tout te preznan pou lokazyon an.

Kap Aysyen, 2 Jiyè 2004

FÈMTI PWOGGRAM "DÉMOCRATIE POUR TOUS"

Club Versailles

- Remiz diplòm ak kado
- Skètch teyat chante ak powèm



CHAPOBA POU GÉRARD PIERRE-CHARLES DIRIJAN OPL (ÒGANIZASYON PÈP KAP LITE)

Li te sendikalis, revolisyoné, nég lespri, ekriven ak pwofesè. Gérard Pierre-Charles te fè pati yon jenerasyon jèn rebèl ki te oze defye diktati divalieris la nan les zane 60. Lè li te blije pran lekzil, se nan peyi Meksik li te enstale e se la li te distenge tét li kom pwofesè nan Inivèsite Otonòm Mexico. Li pa janm mete ba. Pandan li deyò a, li te potekole ak tout gwo mouvman solidarité sosyal ki tap goumen pou lavi miyò. Lè li tounen an Ayiti nan lane 1986, li te patisipe nan tout

gwo batay pèp ayisyen te mennen pou demokrasi ka rive blayi sou peyi a. Dapre Chavannes Jean-Baptiste lidè MPP a, youn nan dénye pawòl Gérard Pierre-Charles, douvan madam li, Suzy Castor, se te : "Modénizasyon politik la an Ayiti ekzije nou mete soupye yon gran pati sosyalis" Gérard Pierre-Charles te resevwa meday Azték d'or, ki se pi gwo dekorasyon yon moun ka resevwa nan men gouvenman Meksik la. Anplis, li te nonmen an 2 okazyon kom kandida pou li te

resevwa pri Nobèl pou la Pè.

Lanmò li lese

yon vid nan

peyi dayiti

e nan ran

moun kap


Goumen

Pou

demokrasi

nan Amerik

Latin.



NDI PROFITE OKAZYON AN POU LI VOYE KONDOLEYANS LI POU TOUT FANMI
GERARD PIERRES CHARLESANSANM AK TOUT MANM AK SENPATIZAN OPL YO.

GERARD PIERRE-CHARLES 1937-2004

CLUB HERSHY'S, KWADÈBOUKÈ 4 JIYÈ 2004

KLOTI PWOGGRAM 2003-2004

"DEMOKRASI POU TOUT MOUN"

- Remiz diplòm ak kado
- Sketch teyat, chante ak powèm



Direktè NDI-AYITI a , Felix Ulloa pandan seremoni ki te fèt nan Kwadèboukè a kote li te remèt diplòm ak kado bay lorea yo.



Mansyon espesyal pou Alexis Jackson, poet ak lorea



Yon foul elèv, pwofesè ak paran ki te asiste nan seremoni a.



Madan Nathalie Gardère ak madan Mara Tekach-Ball ki nan Biwo Afè Piblik anbasad ameriken an te si tèlman apresye fason etidyan yo te jwe piès teyat sou lide ak konpòtman demokratic yo te aprann nan pwogram "Demokrasi pou tout moun" la , yo te deside yap fè yon zefò dekwa pou sketch teyat yo te ka filme pou apresa yo pase nan Televizyon Nasyonal Dayiti.



LIS LOREA YO

PWOGRAM " DEMOKRASI POU TOUT MOUN "

LIS LEKÒL KI TE PATISIPE NA PWOGRAM DEMOKRASI POU TOUT MOUN NAN

REGION CUL DE SAC

CENTRE D'ÉTUDES DE MARIN Croix des Bouquets
 COLLEGE JACQUES STEPHEN ALEXIS Croix des Bouquets
 CENTRE CULTUREL DU DMN ROI Croix des Bouquets
 LYCÉE DE L'AMITIE Ganthier
 CENTRE D'ÉTUDES DE Fonds Parisien
 COLLE HUMANITAIRE DE Fonds Verrettes
 LYCÈE FLORVIL HYPOLITE Thomazeau

DEPARTEMENTS DU NORD ET DU NORD-EST

REGION NORD NORD-EST

COLLEGE MARTIN LUTHER KING Cap-Haïtien
 LYCÉE PHILIPPE GUERRIER Cap Haïtien
 INSTITUT DROP OF LOVE Limbé
 LYCÉE JEAN BAPTISTE CINEAS Limbé
 COLLÈGE RÉNOVATEUR DE MILOT Milot
 COLLÈGE LA FERRIERE Milot
 COLLÈGE LE FLAMBEAU Trou du Nord
 LYCÉE NATIONAL HENRY CHRISTOPHE Trou du Nord
 COLLÈGE OSWALD DURAND Ouanaminthe
 LYCÉE CAPOIS LA MORT Ouanaminthe
 COLLÈGE SAINT EUGENE DE MAZENOD Fort Liberté
 LYCÉE PAUL EUGENE MAGLOIRE Fort Liberté
 COLLÈGE TOUSSAINT LOUVERTURE Fort Liberté

MEYÈ PWOFESÈ

JEAN WILLIAM ALTIDOR Croix des Bouquets
 ANIOS MOMPREMIER Ouanaminthe

ELÈV KI LOREA NAN LEKÒL YO

DINIA Francis	CENTRE D'ÉTUDES DE MARIN , C-d-B
ESTABINE Mrie M.	COLLEGE JACQUES STEPHEN ALEXIS, C-d-B
DESIR Myriame	CENTRE CULTUREL DU DMN ROI C-d-B
TIKA Wilfred	LYCEE DE L'AMITIE DE GANTHIER Ganthier
LOUIS Dorval	CENTRE D'ÉTUDES DE FONDS PARISIEN
SANOZIER Fr.	COLLEGE HUMANITAIRE DE FONDS VERRETTES
ANEUS Micheline	LYCEE FLORVIL HYPOLITE Thomazeau
EUGENE Kalinson	Collège Le Flambeau de Trou du Nord
JEAN Louis-Mary	Lycée Henry CHRISTOPHE de Trou du Nord
JEAN-BAPTISTE Ednélus	Lycée Henry CHRISTOPHE de Milot
PETIT-FRERE Makember Jr	Collège Martin Luther King de Cap-Haïtien
BELLERIVE France N.	Collège Oswald Durand de Ouanaminthe
BENOIT Jean-Denis	Collège Toussaint Louverture de Fort-Liberté
FIXALANT David	Institut Drop of Love de Limbé
VALMOND Wildain	Lycée Jean-Baptiste Cineas de Limbé
JOSEPH Venel	Lycée P E Magloire de Fort-Liberté
BLAISE Audrey	Collège La Ferrière de Milot
JOSEPH Lestin Astride	Collège Martin Luther King de Cap-Haïtien
AUDATE S. Steven	Collège St Eugène Mazenod
FOUQUET Verdieu	Ecole Rénovateur

ELÈV KI LOREA PAMI LOREA YO

LYCEE JEAN JACQUES 1ER	DORESTANT WILSON
LYCEE JEAN JACQUES 1ER	HARIN LEMAIRE
LYCEE JEAN JACQUES 1ER	JOCELYN MALIO
LYCEE L'AMITIE DE GANTHIER	TIKA WILFRED
Lycée Capois La Mort de Ouanaminthe	JOSEPH BARNET





SKETCH TEYAT "DEMOKRASI POU TOUT MOUN" ADAPTE POU PASE NAN TELEVIZYON NASYONAL

Oktòb 2002. Nan kad pwogram fowòm sivik la, Enstiti Nasyonal Demokratik (NDI) mete sou pye yon pwogram ki vize jèn ki gen 13 zan rive 17 lane, gwoup laj ki gen plis kapasite daprè kèk rechèch ki fèk fèt, epi tou ki genyen pou objektif fè konnen valè sitwayèn ki nesesè (esansyèl) nan konstriksyon yon leta demokratik. Dezan aprè, pandan seremoni ki tap fèmen pwogram "Demokrasi Pou Tout Moun" pou lane akademik 2003-2004 la, elèv lekòl yo ki te patisipe nan pwogram nan te prezante kèk sketch ki te genyen prensip demokratik ke yo te apran n pandan sesyon yo. Sketch sa yo, malgre ke yo te reyalize ak yon ban n elèv ki pa gen oken n nosyon teyatral te enpresyone odyans ke NDI avèk sipò Biwo Afè Biblik Anbasad Amerikèn, kote nou te genyen konseyè a nan kloti sa, kolaborasyon Televizyon Nasional ak Teyat Nasional te mete sou pye yon pwojè atelye teyat. Pwojè sa se pou yo te kapab bay jèn yo yon seri de teknik ki pou pèmèt yo prezante pi byen lè yo sou sèn sitiyasyon ki montre valè demokratik yo epi tou bay yo bon jan ankadremman lè yo ap prezante sketch yo sou sèn pou tounaj ak difizyon nan televizyon nasyonal.

ATELYE TEYAT

Pandan yon semèn sòti 18 rive 24 jiyè, 39 elèv avèk 2 pwofesè ki sòti nan regyon Kil-De-Sak te vini Pòtoprens pou yo te kapab patisipe pandan 4 jou nan atelye teyat nan teyat nasyonal avèk aktè Daniel Marcelin ki kounye a se direkèt teyat nasyonal. Atelye yo te fèt konsa :

- 1) prezantasyon sketch ki te prezante nan seremoni kloti a. Sketch sa yo te ekri pa elèv yo ki te jwenn sipò pwofesè yo.
- 2) Teknik teyat Daniel Marcelin yo ki te gen rapò avèk sketch yo.
- 3) Repetisyon sketch yo kote reprezantasyon sou sèn yo te refèt gras avèk teknik ke yo te apran n.


Pandan 4 jou sòti 11 zè nan maten rive 4 trè nan laprèmidi, elèv yo te pote anpil atansyon sa ki te montre anvi yo te genyen pou byen asimile nosyon teyatral pi avanse ki pral pèmèt yo asire yon pi bon metriz nan la teyatral epi tou ki pral fè yo pi byen prezante valè demokratik yo.



Metè an sèn nan Daniel Marcelin (a gòch) nan yon atelye travay sou teknik ekspresyon teyatral avèk etidyan yo (a dwat). Daprè etidyan yo, eksperyans sa te ranfòse konfyans yo ak kapasite pou yo te manifeste klèman devan sosyete a kote yo ap ran n pi solid lyen ki egziste anndan gwoup yo.

TOUNAJ POU TELEVIZYON

Vandredi 16 jiyè, yon ekip televizyon nasyonal te prepare pandan 9 vè tounaj 6 sketch ke elèv yo te ekri. Elèv yo te retravay piès teyat yo nan atelye pandan plizyè repetisyon. De lòt seyans tounaj te fèt ankò 20 ak 25 dawout nan estidyo televizyon nasyonal. Pandan seyans sa yo, divès pati ki te rantre nan pwojè sila a te fè prezantasyon 4 pwogram ki te dire 1 nè yo chak. Difizyon sketch sa yo te prevwa pou mitan oktob.



SILANS, YAP FILME !

Yonn nan twoup teyat yo pandan tounaj douvan kamera televizyon nasyonal yo. Daprè Philippe Fils-Aimé, ki se konsèyè komunikasyon nan NDI, eksperyans la pwouve ke tele teyat la kapab vin n yon mwayen san parèy pou nou mete konesans teknik ak syantifik yo a la pòte nan mas pèp la..

LIS SKÈTCH YO, NON LEKÒL AK NON AKYÈ KI TE PATISIPE NAN TOUNAJ TELE TEYAT YO POU YO KA PASE NAN TELEVISION

I - CENTRE D'ETUDES DE MARIN - MARIN - CROIX- DES- BOUQUETS « Abi pouvwa » - Jean Descieux Lafortune

AKTÈ : Athis Vanessa, Compère, Lovely, Guillaume Dieunel, Jacquet Jackson, Lausier Lekerne, Joseph Ricardo, Jean Descieux Lafortune, Blanchet Irvelle

2 - COLLEGE JACQUES STEPHEN ALEXIS - LATHAN

1) « Transparans ak Gouvènans Politik» - Luc Kettly

2) « Tolerans politik »
- Maître Jonas Saint Juste
AKTÈ : - Alliance Stevens, Morose Smith, Michel Don Carlos, Osias Ricardo, Pierre Fabienne, Luc Kettely, Neptune Gessica, Anchise Ricot, Florestale Yarlie,, Lalanne Mélissa.

3- CENTRE D'ETUDES SECONDAIRE DE FONDS PARISIEN - GANTHIER

« Violans pa fè sans » AKTÈ AK OTÈ :

Louis Dorval, Clercin Blaise Tilien Venite, Néré Rosevène Gelin Bernard, Estama Elcie Elien Lovena, Son Cibadieu Felix Lounel, Joseph Docilia

4- LYCEE L'AMITIE DE GANTHIER - GANTHIER « Abi pouvwa »

AKTÈ AK OTÈ : Charles Jean Chalton, Louis Juste Pierre Nicolas, Josué Euristache, Tika Jean Wilfred

5- LYCEE FLORVIL HYPPOLITE DE THOMAZEAU « Jwèt demokratik sou konstitisyon an »

AKTÈ AK OTÈ : Clerzier Phanel, Evens Mervilus, Dumerveille Franck Mervilus Jonas Devarieux Gilnet Joseph, Posan Chrisroy



Atelye teyat yo te fini nan jounen samdi 17 jiye . Anvan elèv yo te retounen lakay yo, Biwo Zafè Biblik anbasad amerikèn nan te pase pa NDI pou li te prezante chak elèv yon sètifica Patisipasyon ansanm ak yon seri liv ak dokiman sou dwa moun ak Demokrasi. Jèn sa yo pat manke di ki jan yo te apresye jès sa a . Yo te remèsyé anbasad amrikèn nan ansanm ak Daniel Marcellin (a gòch) dèske li te bayo opòtinite sa a pou yo te soubi konesans yo sou teknik teyat, sa ki pral pèmèt yo mete talan yo ansanm ak eksperyans yo te pran an pou fè demokrasi vanse Yo ta renmen fè pati tout aktivite ki ta gen arevwa ak utilizasyon teknik ak konesans yo te mare nan atelye teyat yo. An plis desa, elèv pran desizyon prepare lòt piès teyat pou kontinye travay vilgarizasyon prensip demokrasi yo. Pou yo, sa a se yon misyon .

FOWÒM KOMINAL NAN KWADÈBOUKÈ



KONSÈTASYON POU AKSYON

Nan jounen ki te 11 septanm 2004 la, te gen yon fowòm reyjonal ki te òganize nan Kwadèboukè. Tout komite inisyativ zòn plèn Kildesak la te patisipe nan aktivite sa a, yon aktivite ki te make fèmti ofisyel pwogram Fowòm Sivik la nan reyon an. Apasa, sete yon okazyon pou komite inisyativ sa yo pou yo te anvizaje ki jan yo pral kontinye aktivite yo, menm si pwogram NDI la fèmen. Anmenmtan tou, sete yon chans pou yo te etidyé pa ki mwayen yo pral kòdone diferan pwojè yo ansanm, yon fason pou yo ka mache nan direksyon yon devlopman entegre pou zòn nan. Gen yon total 98 komite inisyativ ki aktif nan diferan kote pwogram Fowòm sivik la te ekzekite.

"NOU PAKA PALE DE DEVELOPMAN KOMINOTÈ SAN SOLIDARITE NI SAN ENTRÈD..."



Jude Jeudy

Se sa ki te nannan mesaj patisipan nan fowòm kominal Kwadèboukè a te resevwa nan men Jude jeudy, kòdonatè pwogram Fowòm Sivik lapou depatman Nò ak Nòdès. Jude Jeudi te deklare: "**Depi wnan zafè devlopman kominotè woblje sa vledi ou sètoblje mobilize resous ki disponib yo. Apadesa, ou paka blye ke moun se resous ki pi enpòtan pami tout resous disponib yo.**" Toujou dapre Jude Jeudi, solidarite ak entrèd se de bagay esansyèl, e nan sans sa a, komite inisyatif ki te fòme nan pwogram nan se yon ekzanp pou tout moun .



Pwogram Forum Civique la fini: LESON AK PÈSPEKTIV

- **6 DEPATMAN AK**
- **23 KOMIN TE NAN PWOGGRAM NAN**
- **98 KOMITE INISYATIV TE FÒME NAN
KAD PWOGGRAM FOWÒM SIVIK LA**

Fowòm sivik la te premye kòmanse nan lane 97 nan komin Lewogan, Gran-Gwav, Ti-Gwav, Miragwan ; nan lane 98, li te rive nan komin Sen-Mak, Desalin, Marigo epi Aken ; nan lane 99, nan komin Kafou, Gresye, Kay. Nan lane 2002, pwogram nan rive tabli kò li nan komin Kwadèboukè, Gantye, Tomazo, Fonvèrèt ak Koniyon epi nan lane 2003, depatman Nò ak Nòdès (Lenbe, Milo, Twoudinò, Kap-Ayisyen, Fò Libète ak Wanament) te rive touche ak pwogram sila a. Nan chak komin sa yo, gen environ 20 òganizasyon ki te patisipe nan seyans fowòm sivik la. Pandan seyans sa yo, mamb òganizasyon yo te rive pran konesans de divès nosyon ki gen rapò ak edikasyon sivik.

Aprè ke 23 komin nan 6 depatman ak te fin touche, pwogram fowòm sivik la rive a bout.

Kidonk, apre li fin rive touche 23 komin nan 6 depatman, pwogram fowòm sivik la rive nan bout li. Men poudivre, pou gason ak fanm vanyan ki te patisipe nan pwogram nan batay la fèk koumase paske kounye a, yo gen konesans ak zouti ki pou pèmèt yo vanse pi douvan pou demen ka miyò.

AKTIVITE POTOMITAN FOWÒM SIVIK LA


Fowòm seksyonal : se yon rankont kote fòs viv seksyon kominal yo diskite pwoblèm kominote a epi tou mete sou pye kèk estrategi pou rezoud pwoblèm sila yo. Se pandan rankont sa ke yon komite inisyativ ki gen pou ròl konkretize solisyon ki pwopoze yo rive fòme.

Asanble sitwayèn : se yon rankont ke komite inisyativ ak reprezantan tout sektè seksyon an òganize, pandan rankont sa komite a prezante yon rapò sou travay li reyalize.

Fowòm Kominal : apre yon chita pale nan yon **Asanble Kominal**, yon komite kominal fòme. Komite sa a gen ladani reprezantan tout komite inisyativ nan komin nan e wòl li se kòdone aktivite Komite Inisyativ yo yon fason pou tout komin nan benefise travay chak gressn Komite Inisyatif.

PATI POLITIK

Chita pale òganizasyon politik entènasyonal
ak pati politik ayisyen ki menm tandans ak yo



RDNP ak ODCA

RDNP (rasanbleman demokrat nasyonal pwogresis) ap prepare kò li pou elekson. Pati sa a konprann nesesite pou li prepare manb li yo plis presizeman jèn li yo. Pou rezon sa a, RDNP te òganize yon seminè 26 jan 2004 kote li te fè fòmasyon pou yon gwooup moun ki te gen plis ke 70 jèn, tout, manb pati a.

Seminè fòmasyon sila te realize gras ak yon ekip ekspè entènasyonal ki te genyen nan tèt li Mesye Francisco Javier Jara, Sekretè egzekitif ODCA (òganizasyon

Demokrat kreyèn pou l'Amerik). RDNP se manb ODCA li ye epi li jwen sipò teknik òganizasyon sa ki li menm se manb International Christian Democrat.



Leslie Francois Manigat, lidè istorik RDNP a te tou dènyèman renonmen nan pos Sekretè Jeneral pandan yon asanble jeneral manm pati a. Yo te tou nonmen li kòm kandida ofisyèl RDNP pou pwochen elekson prezidansyèl kap vini la a..



*Madan Myrlande Manigat
Jiris Invèsiti ki gen renon entènasyonal epi tou militant aktiv RDNP*




Entènasyonal Sosialis ak Sosyal-Demokrat

24 me 2004 la, reprezantan sosialis entènasyonal yo te visite pa bò isit pati Sosyal-Demokrat ayisyen yo ki nan yon faz pou fè fizyon. Konakòm, Panpra, OPL ak Ayiti Kapab ap travay pou kapab fòme yon sèl pati Sosyal-Demokrat. Delegasyon sa a ki gen ladan I kèk manb pati sosialis franse ak yon manb PRD ki sòti Repiblik Dominikèn te genyen nan tèt li Mesye Luis Ayala Sekretè General IS la.



Serge Gilles, yonn nan achitèk procesus fisyon avèk divès lòt pati ki gen tandans sosialis yo nan yon rankont avèk reprezentan sosialis entènasyonal yo.



Pat gen sèlman ansyo pati demokrat yo ki te fèt 25 rive 29 jiyè ki sot pase a, te genyen tou fowòm entènasyonal lidè yo

kote plis ke 600 ofisyèl, tèt Inisyativ sa a ke NDI te pran gouvènman, palmantè, enskri n kad y misyor ke anbasadè ak lidè pati politik ki NDI genyen pou li soutni epi soti nan 120 nasyon te patisce. ranfòse demokrasi tou patou.



Jesse Jackson

Marc Bazin

Leslie

Voltair

Yon delegasyon ayisyèn ki te gen ladan I : Gerard Pierre Charles pou OPL, Marc Bazin pou MIDH, Leslie Voltaire pou Fanmi Lavalas ak Lionel Delatour pou sosyete sivil la, te ale Boston pou patisce nan fowòm sa a. Menm jan ak lòt lidè yo, yo te swiv de prè dewoulman konvansyon pati demokrat epi yo te patisce nan echanj, panel ak seminè yo.

Men sou kisa yo te diskite :

- politik amerikèn aletranje ak kanpay 2004 la.
- Konvèrsasyon sou demokrasi
- Wòl konvansyon nominasyon ak deba prezidansyèt.
- Analiz kanpay elektoral 2004 la
- Relasyon entènasyonal, ekonomi ak sekirite
- Fanm ak liddèship politik an jeneral

Lis pèsonalité llidè etranje yo te fè kontak se yon lls ki pa piti ditou e ladani wap jwenn tout kalte gwo chabrik tankou Senatè Edward Kennedy, Sekretè Deta Madeleine Albright, ansyen prezidan Bill Clinton, ansyen pwemye minis kanada Kim Campbell, ansyen pwemye minis Portigal Antonio Guterres,

ansyen prezidan Brésil Fernando Cardoso, ansyen prezidan Bolivi Jorge Quiroga, ansyen prezidan Irland Mary Robinson, ansyen prezidan Komite Nasyonal Repiblikan Franck Fahrenkopt, ansyen prezidan Komite Nasyonal Demokrat Paul Kirk, journalis entènasyonal tankou David Gergen, Tom Oliphantmark Shield ak David Brooks, gran ofisyèl administrasyon amerikèn nan tankou Garry Hart, William Perry, Geraldine Ferraro ect...

KLUB MADRID LA TE PREZAN

Klib Madrid la se yon klib ki regroupe ansyen prezidan ak chèf deta toupatou nan lemond. Se ansyen prezidan ameriken Bill Clinton (a gòch) ki te gen lide monte klib sa a. Klib lelit sa a gen pou misyon travay pou la pè ak demokrasi sou planèt la.



Bill Clinton a Gòch an konpayi Brezilyen Fernando Cardozo ak Kanadyèn Kim Campbell pandan konvansyon Pati Demokrat la.

PALESTIN

An previzyon eleksyon lokal ki pral dewoule nan mwa desamm 2004 la, Komision Santral Elektoral Palestin nan te koumanse anrejistre elektè ki pou al vote nan zòn Gaza ak lòt teritwa yo. Peryòd anrejistreman an te dire 5 semèn, akòmanse nan dat 4 septembr rive nan 7 oktòb ki pase a.

NDI te mete sou pye yon

misyon evalyasyon sou fason anrejistreman sa a te dewoule. Misyon sa a ki te gen ladani Shannon O'Connel, Shari Bryan, Bjarte Tora, Felix Ulloa, Vladimir Pran, Sasha Pajenec ak Paul Adams, te prezante 5 rekòmandasyon pou rezoud kèl nan pwoblèm li te identife epitou pou amelyore travay ajan elektoral anchay de



Yon biwo anrejistreman elektè nan Bethleem, an Palestin.

المهد الديمقراطي الوطني يطالب بسن تشريع يدمج جميع الانتخابات



Ekstrè yon jounal Palestin : kek manm Misyon an pandan yon chita pale ak laprès. Sòti a gòch rive a dwat: Shannon O'Connel, Bjarte Tora, Shari Bryan, Felix Ulloa , ak Paul Adams.

anrejistreman an. Si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou koze sila a ou ka ale nan sit entènèt NDI la ki se www.ndi.org